



U.S. Citizenship
and Immigration
Services

Biwo Kominikasyon yo

Nouvèl enfòmasyon

27 desam 2012

Estatí Pwoteksyon Tanporè Peryòd Re-enskripsyon an Pwolonje pou Sitwayen Ayisyen yo

WASHINGTON—Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini (USCIS) te anonse jodi a yon peryòd pwolongasyon re-enskripsioun pou sitwayen ayisyen yo yo te deja akòde Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS) epi ki ap chache toujou kenbe benefis sa a pou yon 18 mwa anplis. Dapre konsekans sıklòn Sandy a te genyen nan rejjons kote ki genyen anpil popilasyon Ayisyen yo, peryòd re-enskripsioun a te pwolonje jiska 29 janvye 2013.

Nou ankouraje Benefisyè Ayisyen ki gen TPS yo pou aplike pou pi vit ke posib. Sou pwolongasyon sa a, USCIS pral aksepte aplikasyon pou moun ki kalifye yo ki deja aplike apre dat peryòd pou re-enskripsioun a te fèmen an 30 novanm 2012 la, yo pral kontinye aksepte aplikasyon jiska 29 janvye 2013.

60 jou inisyal ki te pou kòmanse peryòd re-enskripsioun an te etabli apre Depatman Homeland Security a (DHS) te anonse an oktòb 2012 pwolongasyon re-deziyasyon TPS la pou 18 mwa an Ayiti, apati 23 janvye 2013 jiska 22 jiyè 2014.

Anviron 60 mil sitwayen ayisyen (ak moun ki pa genyen okenn nasyonalite epitou Ayiti se dènye kote yo t ap viv) yo kalifye pou re-enskri pou TPS la. TPS la pa disponib pou sitwayen Ayisyen ki te antre Ozetazini apre 12 janvye 2011.

Nan premye 1 oktob 2012 Biwo Federal te anonse pwolongasyon TPS pou Ayiti (*gade 77 FR 59943*), DHS te otomatikman pwolonje tou—pou 6 mwa, jiska 22 jiyè 2013—Dokiman valab pou Otorizasyon Travay [Employment Authorization Documents] (EADS) ki pou benefisyè Ayisyen ki kalifye pou TPS yo. Sa a pral pèmèt ase tan pou benefisyè Ayisyen ki kalifye pou TPS yo ki gen re-enskripsioun yo kapab resevwa yon EAD ki pa genyen okenn erè nan otorizasyon travay yo.

Pou re-enskri, benefisyè TPS yo dwe ranpli yon fòm I-821, Aplikasyon pou Pwoteksyon Tanporè a ak fòm I-765 Aplikasyon pou Otorizasyon Travay. Moun k ap chache pou yo re-enskri yo pap bezwen peye pou fòm aplikasyon I-821. Sepandan, pou pèyman sèvis byometrik yo (oswa yon pèyman-demand pou renonsyasyon) li obligatwa pou tout moun ki re-enskri ki gen 14 zan ou pi gran. Tout moun ki re-enskri kap chache otorizasyon pou travay jiska 22 jiyè 2014, dwe peye pou fòm I-765 (oswa yon pèyman demand pou renonsyasyon) Aplikan ki pa vle otorizasyon pou travay pa oblige remèt yon pèyman pou fòm I-765 la, men y ap toujou gen pou yo ranpli fòm I-765. Si ou pa peye lajan yo mande oswa yon pèyman ki dokimante kòmsadwa-y ap refize demand pou renonsyasyon ou a epi kòm rezulta y ap rejeteaplikasyon pou re-enskripsioun ou a

Anons ki te piblye jodi a nan [Biwo Rejis Federal](#) la gen ladann l plis detay sou zafè peryòd pwolongasyon a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon si ou visite sit entènèt USCIS nan www.uscis.gov/tps oswa rele USCIS Sant Sèvis pou Kliyan nan nimewo telefòn gratis 1-800-375-5283. Fòm TPS yo disponib gratis atravè www.uscis.gov/forms ak liy dirèk gratis la nan 1-800-870-3676.

Pou plis enfòmasyon sou USCIS ak program li yo vizite www.uscis.gov oswa swiv nou nan Twitter ([@uscis](https://twitter.com/uscis)), Youtube ([@uscis](https://www.youtube.com/uscis)) ak USCIS blòg [The Beacon](https://www.uscis.gov/the-beacon).

- USCIS -